



Pa bliye enfòmasyon nou pral wè pidevan yo se jis pou ka konnen ki kondisyon pou ranpli pou kalifye. Men, avan menm ou vin depoze kèlkeswa dokiman, ou byen vini negosye sou kijan ou pral achte kay la, ou dwe kontakte biwo a nan nimewo sa a, (772) 464-1117, pou kapab pran yon randevou avèk Donna Lea Askman pou fè yon pre-aplikasyon. Mèsi anpil.

Kijan ou ka achete yon kay?

Pou kalifye kòm yon kandida pou « St Lucie Habitat for Humanity » ou bezwen ranpli kondisyon sa yo :

1. Fòk ou ka pwouve ou gen nesesite yon kay akòz : **(pri fèm ka la twò wo, gen twòp moun pou gwosè kay la, kondisyon ijyèn ak sekirite anviwonman an pa kòdyòm)**.
2. Fòk ou se sitwayen ameriken, ou byen rezidan.
3. Fòk ou t'ap viv nan St Lucie County, Florida depi yon lane pou pi piti.

2017	NUMBER OF PERSONS IN FAMILY							
Household	1	2	3	4	5	6	7	8
Minimum Income	\$21,100	\$24,100	\$27,100	\$30,100	\$32,550	\$34,950	\$37,350	\$39,750
Maximum Income	\$33,750	\$38,550	\$43,350	\$48,150	\$52,050	\$55,900	\$59,750	\$63,600

4. Fòk ou bay otorizasyon epi peye 75 dola frè, pou yo tyeke bakgrawonn ou. Sa vle di, (chèche konnen ki moun ou ye,). Yap pral cheche konnen : nan ki travay ou te ye ak tout lòt sous kòb ou genyen. Yap pral gade deklarasyon ansyen ak aktyèl pwopriete kay ou. Yap tyeke kredi w. Ya pral gade si ou pa annafè ak lajistis, si ou se yon sitwayen kòrèk. Tout sa yo ni pou ou ni pou moun ki marye ak ou a. Kòb sa a, yo pap remèt ou li.
5. Si ou kalifye, ou pral gen pou patisipe nan program ak pratik fè bidjè, repare ak antretyen kay.
6. Si yo apwouve w ou pral gen pou founi 300 èd tan travay. Fòk ou bay 150 avan yo kòmanse konstui kay paw la.
7. Si ou kalifye, ou pral gen pou peye \$750 nan direksyon pou peman desann ou.
8. Si ou te konplete 300 travay èdtan, ak lòt kondisyon kolaborasyon ant ou menm ak St Lucie Habita pou imanite, nou pral bati, osinon rekonstri yon tanp pou ou. Ou gen pou peye ozanviwon \$ 650 dola pa mwa, enkli taks ak asirans. Tout lajan yo va pou ede St Lucie Habita pou imanite pou ede lòt moun. Ou dwe peye sou orè.